



Pou Piblikasyon Imedya: 22/05/2024

GOUVÈNÈ KATHY HOCHUL

GOUVÈNÈ HOCHUL ANONSE KONFIMASYON SENA A POU MOUN KI NONMEN YO

Gouvènè Kathy Hochul te anonse jodi a konfimasyon sena a pou de moun ki nonmen pou administrasyon an. Walter T. Mosley te konfime kòm Sekretè Deta ak Robert J. Rodriguez te konfime kòm Prezidan ak Direktè Egzekitif Otorite Dòtwa Eta New York (Dormitory Authority of the State of New York, DASNY) la.

"Pandan n ap travay pou rann New York vin pi abòdab, pi fasil pou viv ak pi an sekirite, li enpòtan pou nou gen yon Kabinè ki gen konpetans ak eksperyans pou respekte règleman sa yo," **Gouvènè Hochul te deklare.** "Walter Moseley ak Robert Rodriguez se fonksyonè piblik ki gen talan ki konprann gouvènman Eta a, epi mwen espere travay avèk yo sou fason pou amelyore lavi tout Nouyòkè yo."

Walter T. Mosley te sèvi nan Asanble Eta New York ant 2013 pou rive 2020, li te reprezante kominote nan santral Brooklyn ki gen ladan katye Fort Greene, Clinton Hill, Prospect Heights ak kèk pati nan Bedford Stuyvesant ak Crown Heights. Mesye Mosley te yon manm nan Gwoup Lejislatif Nwa, Pòtoriken, Ispanik ak Azyatik (Black, Puerto Rican, Hispanic & Asian Legislative Caucus, BPHA), Gwoup Travay Ispanik ak Gwoup Jwif. Li te sèvi tou kòm ko-prezidan Gwoup Travay Règleman ak Fiskalite Mariwana sou Kanabis BPHA a. Nan kapasite li kòm manm Gwoup BPHA, Mesye Mosley te sèvi kòm Dezyèm Vis-Prezidan ak kòm Prezidan Bidjè a.

Mesye Mosley te gen yon istwa long nan fonksyon piblik, li te sèvi kòm yon Analis Lejislatif ak Envestigatè Sipèvizyon pou Konsèy Vil New York, Konsiltan Prensipal nan Asanble Eta New York la, ak Konseye Prensipal Prezidan Adjwen Asanble Eta New York la anvan li te vin yon manm nan Lejislati New York la an 2013.

Mesye Mosley te resevwa yon diplòm lisans nan Pennsylvania State University e li te resevwa yon diplòm nan dwa nan Howard University. Mesye Mosley ap viv kounye a nan Rejyon Kapital la.

Robert J. Rodriguez te sèvi kòm Sekretè Deta pou plis pase dezan, kote li te sipèvize Depatman Deta ak inisyativ avanse pou bay yon pi bon kalite lavi ak elaji opòtinite pou tout Nouyòkè yo. Anvan li te antre nan administrasyon an, Mesye Rodriguez te sèvi kòm manm Asanble Eta New York la pandan 11 ane, li te reprezante Distri Asanble 68, kote li te konsantre sou pwoteje ak kreye lojman abòdab, pote bon travay nan kominote a epi asire timoun yo resevwa yon bon kalite edikasyon. Li te sèvi kòm Ko-Prezidan Gwoup Travay Lejislatif la sou Rechèch Demografik ak Redistribisyon, Prezidan fondatè sou-komite Asanble a sou Enfrastrikti ak Manm Komite sou Fason ak Mwayen, Lojman, Travay, Bank, Kòporasyon ak Otorite ak Sante Mantal.

Mesye Rodriguez te okipe wòl nan sektè prive a kòm yon Direktè nan Jesyon Finans Piblik, Vis Prezidan nan A.C. Advisory, Inc. epi te genyen plizyè wòl jesyon ak operasyon nan Bloomberg LP. Anplis de sa, li te sèvi nan yon kantite konsèy volontè ki enkli kòm Prezidan Konsèy Kominotè 11 Manhattan antanke yon manm Konsèy Administrasyon Upper Manhattan Empowerment Zone.

Mesye Rodriguez gradye nan Yale University, kote li te resevwa yon diplòm nan istwa ak syans politik, ak New York University Stern Business School kote li te resevwa yon MBA nan Finans. Li se yon nouvo lidè tou nan New America Alliance, ak yon Manm Konsèy pou Pwofesyonèl Iben (Council for Urban Professionals Fellow, CUP).

###

Lèt nou vèl disponib sou sit www.governor.ny.gov
Eta New York | Chanm Egzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418
Enskri pou w jwenn mizajou Biwo Gouvènè a: ny.gov/signup | Voye tèks NEW YORK bay 81336

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)